

Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 204 MILYON DOLA FINANSMAN POU RANFÒSE AK
PREZÈVE AKSÈ SWEN SANTE BON JAN KALITE**

95 Prim Sibvansyon sa yo pral Sipòte Sèvis Swen Esansyèl yo nan Eta New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 204 milyon dola pou sipòte 95 pwojè ki pral pwoteje ak transfòme sistèm swen sante Eta New York la. Finansman sa a ki soti nan Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante atravè Eta yo (Health Care Facility Transformation Program), pral amelyore swen pou pasyan yo atravè devlopman bon jan kalite etablisman ak pwogwam k ap ofri sèvis pou pasyan ki etène yo, swen medikal, swen sante mantal, swen pou abi dwòg ak alkòl ak swen alontèm kominote toupatou atravè Eta a.

“Alòske administrasyon federal la te pase de ane ap travay pou diminye aksè ak swen sante, n ap investi plis ke jamè nan pwogram ak etablisman pou asire Nouyòkè jwenn sèvis bon jan kalite yo bezwen yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa yo nan enfrastrikti dènye teknoloji pral ogmante opsyon sante 21yèm syèk nan chak rakwen eta a pou amelyore sante ak byennèt fanmi yo pandan plizyè deseni ki pral vini yo.”

“Aksè ak swen sante bon jan kalite, abòdab se yon dwa moun fondamantal”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Investisman enpòtan sa a pral amelyore aksè ak livre plis sèvis medikal bay chak nivo swen. Angajman nou pou swen sante tout Nouyòkè ranfòse ak finansman enpòtan sa a.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou 95 founisè swen ki resevwa prim sibvansyon sa yo ak finansman espesifik yo te akòde yo klike sou reyon annapre yo:

Reyon	Kantite Lajan ki te Akòde
Reyon Kapital	6.2 milyon dola
New York Santral	21.1 milyon dola
Finger Lakes	13.9 milyon dola
Long Island	15.7 milyon dola
Mid-Hudson	24.4 milyon dola
Mohawk Valley	7.9 milyon dola
North Country	12.2 milyon dola
Vil New York	77.7 milyon dola
Southern Tier	11.3 milyon dola
Reyon Lwès New York	12.9 milyon dola

Yo te akòde finansman an nan kad Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante atravè Eta yo, yo te pwomilge l nan kad Bidjè Ane Fiskal 2018 la. Prim sa yo kontinye angajman Eta a pou prezève ak ogmante sèvis sante ki pi enpòtan yo nan kominote Eta New York la. Anplis, Bidjè Egzekitif 2019-20 Gouvènè a pral otorize Depatman Sante (Department of Health) pou alwe 300 milyon dola k ap soti nan 525 milyon dola sa yo nan Fon Transfòmasyon Etablisman Swen Sante (Health Care Facility Transformation Funds) ke yo te otorize nan Bidjè An Vigè 2018-19 la pou sipòte aplikasyon pwojè ki soti nan founisè swen sante ki p at resevwa sibvansyon pandan faz finansman sa a.

Depatman Sante a ak Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ap jere pwogram lan, epi yo pral ede sipòte Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Livrezon an (Delivery System Reform Incentive Program). Objektif Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Livrezon an se pou yo redwi depans swen sante epi amelyore rezilta swen sante Nouyòkè yo lè yo agrandi aksè a sèvis swen pou pasyan ki etène yo, swen medikal, swen prevantatif ak lòt swen pou pasyan ki pa etène yo nan kad sistèm livrezon swen sante entegre onivo rejyonal la yo. Objektif prensipal Pwogram Prim Ankourajman pou Refòm Sistèm Livrezon an se pou yo redwi vizit lopital yo ka evite yo a 25 pousan avan 2020. Prim sibvansyon pou Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante atravè Eta yo te konsantre yo tou sou pwojè ki pral ede asire dirabilite finansyè pwofesyonèl swen sante ki sèvi kòm filè sekirite yo, ak prezèvasyon oswa agrandisman sèvis swen sante esansyèl yo.

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare: “Finansman sa yo pral pèmèt patnè swen sante nou yo ak etablisman nouyo modènize ak entegre sèvis swen sante yo plis nan kad objektif nou pataje pou amelyore swen pasyan ak aksè. New York se yon lidè nasyonal nan bay swen sante premye klas gras ak angajman fèm Gouvènè Cuomo pou asire like sistèm swen sante nou an gen resous nesèsè pou bay meyè swen sante posib”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)